CIVIC ACTION TEAMS

Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

अंक १२०

१५।०५।२०७८



कोरोना महामारीके जोखिमके बावजुद सेहो नेपालगञ्जमे नगर परिक्रमा करैत गाईजात्रा मनाओलगेल ।

*तस्विर: लोक बहादुर घर्ती*




चीनमे उत्पादित कोरोना विरुद्धके खोप एमआरएनएके नेपालमे परिक्षण कर अनुमति देलगेल छै ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**वास्तवमे अपनासभ लगेने खोप प्रभावकारीए छै त ?**

एक मात्रा खोप लगेनेसभमे सँ ८० प्रतिशतमे आ पूर्ण मात्रा खोप लगेने सभमे सँ ९० प्रतिशतमे एन्टिबडी देखाएल छै ।

---

**क्युआर कोड सहितके प्रमाण पत्र अनलाईन सँ अपने लेनाई त अनलाईनके पहुँच नै होबवलासभके लेल त आरो कठिन भेलै त ?**

सम्बन्धित म्यानपावरसभके लेल अनलाईनसँ नि:शुल्क क्युआरकोड सहितके प्रमाण पत्रके व्यवस्था सरकार केने छै ।

---

**दैनिक मजदुरी सेहो नै भेटलापर विदेश जायकलेल बाध्य निर्मलासभ**

नै त हुनकालग विदेश जायके लेल पैसा छै, नै त घरमे बेटीके रेखदेख कलदेबवला आदमी ।

# फ्याक्ट सिट

## स्थानीय तहमे देखाएल भारी अनाधिकृत खर्च चिन्ताके विषय ।
## कि अई सँ विकेन्द्रिकृत सरकार असफल भेल संकेत करहल छै त ?

**आ.व. २०७६/७७ मे भेल जम्मा लेखा परिक्षण**


**रु. ५३,२७,९१,००,००,०००**

### ३०७९ संघिय सरकारी निकाय

| जम्मा लेखा परीक्षण भेल पैसा | जथाभावी तरिका सँ खर्च केने पैसा |
|---|---|
| रु. १५,५५,८१,००,००,००० | रु. ४४,३९,००,००,००० (२.८५%) |




### १०१९ प्रादेश स्थीत कार्यालयहरु



| जम्मा लेखा परीक्षण भेल पैसा | जथाभावी तरिका सँ खर्च केने पैसा |
|---|---|
| रु. २,३७,४१,००,००,००० | रु. ६,५०,००,००,००० (२.७४%) |

### ६९९ स्थानीय तह

| जम्मा लेखा परीक्षण भेल पैसा | जथाभावी तरिका सँ खर्च केने पैसा |
|---|---|
| रु. ८,१५,९९,००,००,००० | रु. ४०,८३,००,००,००० (५%) |



स्रोत : https://cutt.ly/FWgiDCS

# हल्ला आ तथ्य

अखन खोप लगेने आदमीसभमे सेहो कोरोना संक्रमण देखाएल समाचार आबिरहल छै । तै पर सँ खोप लगेलाके बाद कतेक लम्बा समयतक काम करतै सेहो पता नै छै । वास्तवमे अपनासभ जे खोप लगेने छी से प्रभावकारी त छै ?

हालसले स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसँ ६ महिना सँ बेसी उमेरके १३,१६१ टा आदमीसभके नमूना संकलन कऽ परिक्षण केने छलै । प्रारम्भिक परिणाम अनुसार, ६८.६ प्रतिशत नमुनामे कोभिड - १९ एन्टिबडी देखाएल छलै । एक मात्रा खोप लगेने ८० प्रतिशतमे आ पूर्ण मात्रा खोप लगेने ९० प्रतिशतमे एन्टिबडी देखाएल छलै । अई सँ प्रष्ट रुपमे अपनासभके लगाएलगे खोप प्रभावकारी छै से देखाबैत छै ।

Source: https://cutt.ly/dWfqOPa

नेपालमे सेहो कोरोना विरुद्धके खोपके परिक्षण हेतै कहिक सुनैत छी । वास्तवमे ई परिक्षणमे के के सहभागि हेतै ?

विश्व स्वास्थ्य संगठनके मापदण्ड अनुसार, पहिल चरणमे स्वस्थ नौजवानसभमे परिक्षण कएल जेतै । दोसर आ तेसर चरणमे जे उमेर समूहके लेल खोप तैयार कएल जारहल छै, ओही उमेर समूहके आदमीमे परिक्षण कएलजेतै । तेकर बाद अलगे अलगे भौगोलिक क्षेत्र, जातजाती, लिंग, उमेर समुह आ कोभिड - १९ के उच्च जोखिममे रहल आदमीसभमे सेहो परिक्षणके बाद मात्रे खोप सुरक्षित रहल सुनिश्चित कएल जेतै । परिक्षणमे सहभागि होब स्वयंमसेवीके सार्वजनिक आह्वान कएलजेतै ।

Source: https://www.who.int/news-room/q-a-detail/coronavirus-disease-(covid-19)

कोभिड - १९ विरुद्ध खोप लगेनेसभके क्युआर कोड सहितके प्रमाण पत्र अनलाईनसँ अपने लेब त कहलकै लेकिन अनलाईनमे  पहुँच नै होबवलासभके त आरो कठिनाई भेलै नै ?

अई सन्दर्भमे आएल शिकायतके सम्बोधन कर सरकार नयाँ व्यवस्था केने छै । जँ कोनो आदमी संस्थागत रुपमे वैदेशिक रोजगारीमे जाय चाहैत छै त, सम्बन्धित इजाजतवाला म्यानपावरके अनलाईनसँ नि:शुल्क क्युआरकोड सहितके प्रमाण पत्रके व्यवस्था कर परतै । लेकिन, व्यक्तिगत श्रम स्वीकृतिमे वैदेशिक रोजगारीमे जायवलाके हकमे, अनलाईनसँ अपने क्युआरकोड सहितके प्रमाण पत्र लेव असमर्थ भेलापर नजिकमे रहल स्वास्थ्य संस्था या स्वास्थ्य सेवा विभागसँ नि:शुल्क सहयोग लेबके व्यवस्था सरकार केने छै ।

Source: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/197/lan/ne-NP
https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/196/lan/ne-NP

# कोभिड - १९ खोपको ताजा अद्यावधिक

अहिलेसम्म प्राप्त जम्मा खोपको मात्रा **१,०५,२६,२७०**

**कोभिशिल्ड खोप**
**३१,९१,४२०**

**भेरोसेल खोप**
**५८,००,०००**

**जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप**
**१५,३४,८५०**



- भारत सरकारबाट अनुदान प्राप्त **११,००,०००**
- भारतबाट खरिद गरिएको **१०,००,०००**
- भुटान **२,३०,०००**
- जापान (कोभ्याक्स सुविधा) **५,१३,४२०**
- कोभ्याक्स सुविधा (गाभी)बाट अनुदान प्राप्त **३,४५,०००**
- चीन सरकारबाट अनुदान प्राप्त **१८,००,०००**
- चीनबाट खरिद गरिएका **४०,००,०००**
- संयुक्त राज्य अमेरिकाबाट अनुदान प्राप्त **१५,३४,८५०**

१८ वर्ष माथिको जम्मा जनसंख्या *(खोपको लागि योग्य जनसंख्या)*:
**२,०२,९१,२५४**

अघिल्लो हप्ता भन्दा **३.५%** ले बृद्धी

१८ वर्ष उमेर समुह माथि पूर्ण खोप प्राप्त जनसंख्या प्रतिशतमा
**१९.९७%**

१८ वर्ष उमेर समुह माथीको जम्मा जनसंख्यालाई आवश्यक जम्मा खोपको मात्रा
**३,७५,१२,८०८**

## प्राथमिकता कि छै ? राजनीति ?
## अथवा महामारी विरुद्धको प्रतिकार्य ?

COCAP



**५१२** राजनीतिक घटनासभ बाहर एलै

जनवरी २०२१ सँ अगाष्त २०२१ तक

## यूएई विस्तारै सामान्य अवस्था तर्फ फर्किंदै

### यूएई




- सेहा (seha) द्वारा नयाँ कोभि ड्राईभ थ्रु सेन्टर अल ऐन (Al Ain) मे खोलने छै ।
- अगष्त ३० सँ लागु होई तेना क विश्व स्वास्थ्य संगठनसँ मान्यता प्राप्त खोपके पूर्ण मात्रा लगेने आदमीसभके लेल पर्यटक भिषा खुला भेल छै ।
- अगष्त २९ सँ लम्बा समयके बाद शिक्षालयसभ खुलल छै ।
- अबुधावीमे सिनोफार्म खोप लगेलाके ६ महिना भेल आदमीके तेसर बुष्टर खुराक खोपके लेल २० सेप्टेम्बर, २०२१ तक छुट अवधी देलगेल छै । तै के लेल अल हस्न (Al Hosn) एपमे हरियर रंग आएल होब परतै ।

### कुवेत



- नेपाल-कुवेत उडान अखनो अनिश्चित । टर्कीके ईस्तानबुल होईत कुबेत जाय सकत, लेकिन किराया महंगा होबके साथे लम्बा यात्रा कर परतै ।
- कुवेतमे दैनिक १८ हजार आदमीके खोप लगारहल । मोबाईल खोप केन्द्रसँ शिविर शिविरमे जाक खोप लगाबैत ।
- कतारद्वारा कुवेतके कोभिड वर्गिकरणके पिला सूचीमे रखलकै ।
- कुवेत यात्रा कर सँ पहिले इम्युन एप्स अद्यावधिक कर कुवेत स्वास्थ्य मन्त्रालयके सुझाव ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

# खिस्सा किनाराके

## दैनिक मजदुरी सेहो नै भेटलाके बाद विदेश जायके लेल विवश निर्मलासभ

नेपाली समाज, तहुमे सेहो जनानी । जनानीसभके घर भितरे जरुरतसँ बेसी काम देलगेल रहैछै । घर छोडीक बाहर जालक काम करके वातावरण सेहो नै होईछै, समाज सेहो सकारात्मक रुपमे नै लेछै । लेकिन, जखन परिवारके बोझ अपनापर अबैत छै, तखन आर्थिक संकट सँ घिरैत जाईछै । सहयोग करवला कोई नै होईछै । समाज कि कहत तै बातके परवाह केने विना कमाब निकलहे परैछै । एकर उदाहरण छै, वीरेन्द्रनगर नगरपालिका वडा नम्बर १ के निर्मला कुमारी थापा । छोटे उमेरमे विवाह केने थापाके विवाह केलाके किछ समयमे बेटीके जन्म भेलै । बेटी बैढ रहल छलै, घरवला वास्ता कर छोडी देलक । घरवला दोसर विवाह कलक वेपत्ता भेलाके बाद घरके सब भार निर्मलापर आबि गेलै । नित्य खाय रहके लेल तोडजोड संगे बेटीके पढाबके सेहो छलै, लेकिन कोनो श्रोत नै छलै ।

उपाय किछ नै भेटलाके बाद अन्ततः ऊ घरेलु कामदारके रुपमे साउदी गेलिह । नाबालक बेटीके घरेमे छोडीके परदेशमे जालक काम केनाई आसान नै छलै । लेकिन, मजबुरीके आगु हुनकर किछ नै चललै ।

> **जेनातेना २ वर्ष साउदीमे काम केलिह । गुजारा चलाबके लेल पैसा सेहो छलैहे । धिरे धिरे बेटीके याद हुनका सताब लगलै । घरवला छोडीक गेलाके बाद एसगर भेल निर्मला घरपरिवारमे सेहो एसगर भरहल छलिह । बेटीसंगे जुटके कोनो आधार नै भेलै । अन्ततः ऊ साढे दु वर्षमे साउदी छोडलिह ।**

घर फिर्ता एलाके बाद परिवार संगे रहलिह, लेकिन सहयोग किछ नै भेटलै । विदेशमे कमाएल पैसा धिरे धिरे खतम भगेलै । फेर दैनिक गुजाराके लेल काम खोज परलै ।



विदेशमे सिखल काम सँ गाममे नै भेटलै । कहियोकाल भेटवला मजदूरीके काम कर लगलिह । लेकिन, ओई सँ बेटीके पढाबके खर्च जुटाब नै सकलिह । हुनका फेर विदेश जाय नै परे जेना लागल छलै । लेकिन, नै त हुनकालग विदेश जायके लेल पैसा छै, नै त एत बेटीके देखभाल कल देबवला आदमी । जनानी भेलहेके कारणे दैनिक मजदूरी सेहो नै भेटरहल महसुस ऊ करहल छथि । कि निर्मला जेहन एकल जनानी नेपालेमे रहिक दैनिक गुजारा नै कर सकैय ?

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात



## दिपेश घिमिरे

मेडिकल ल्याबरोटरी टेक्नोलोजिस्ट,
काभ्रे

हम वितल १५ वर्ष सँ पत्रकारिता कऽरहल छी । कोरोना महामारीके कारण हम अखनतकके व्यवसायिक चूनौतीके सामना केलौं । पत्रकारसभ बाहर बहुते जाई छैथ कहिक कोई भेट नै चाहलापर आ बन्दाबन्दीके कारण हरेक क्षेत्र बन्द भेला सँ आँकडा संकलन करमे दिक्कत भेलै । सुरक्षाके सामान नै भेला सँ आ अपने सेहो संक्रमणके डर सँ कतेको अवस्थामे रिपोर्टिङ्ग कर नै जाऽ सकलौं । डेरा मे रहिक काम करलापर कतेको अवस्थामे घरपटटी सँ नुकाक रह परै छल । तै पर सँ, आँकडा देबवला आदमीसभ बेर बेर आहाँ त अग्र पंक्तिमे काम करवला आदमी कहिक कहलापर ऊसभ दुर होब चाहैय से स्पष्ट पता चलै छलै ।

कोभिड - १९ शुरु होबकालमे हमर बेटी ३ महिना १५ दिनके मात्रे छलिह । स्वास्थ्यकर्मी भेला सँ जोखिमपूर्ण काममे खट परलाके कारण बेटीके अपन दुध पियाब सेहो बहुते बेर सोच परै छलै । बेटीएके लेल कहिक छुटटीमे रहके अवस्था सेहो नै छलै । हमरासभसंगे काम करवला संगीसभ संक्रमित होब लगलाके बाद हम आरो डरागेल छलौं । खोप शिविर सञ्चालनमे आरो जोखिमके सामना कर परल । सेवाग्राहीसभ मास्क नै लगाक अबैत छलै, नै त सामाजिक दुरीके पालना नै करैत छलै । सम्झाब बहुते दिक्कतके सामना कर परल । हमसभ कोभिड महामारीके समयमे केने काम अनुसार सेवाग्राही सँ स्नेह आ सदभावके अपेक्षा केने छलौं, लेकिन तेहन अवस्था अखनोतक आएल जेहन नै लगैय ।

## कृष्ण बहादुर सिंह

स्वास्थ्य सहायक,
सामुदायिक अस्पताल, महावै, कालिकोट



# **FAIR FACTS**

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**REACH OUT TO US ON**


@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219